

**Ngagunakeun Model *Problem Based Learning* Kanggo Ningkatkeun
Kaaktifan sareng Hasil Diajar Siswa Dina Subtema Ngamanfaatkeun
Kakayaan Alam di Indonesia**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu judulna ngagunakeun model *Problem Based Learning* anu tujuanna kanggo ningkatkeun kaaktifan sareng hasil diajar siswa dina subtema ngamanfaatkeun kakayaan alam di Indonesia. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas IV SD Nagari 1 Dangdeur, panalungtikan anu tujuanna pikeun ningkatkeun kaaktifan sareng hasil diajar siswa dikasang tukangeun ku rendahna kaaktifan sareng hasil diajar siswa kelas IV SD Nagari 1 Dangdeur dina Subtema ngamanfaatkeun kakayaan alam di Indonesia. Perkawis ieu ditujukeun kalawan peunteun anu rata-ratana acan nyukupkeun kana Kriteria Katuntasan Minimal (KKM). Rendahna kaaktifan sareng hasil diajar siswa, heunte lesot tina salami kagiatan proses diajar ngajar, tina hasil observasi siswa kelas IV SD Nagari 1 Dangdeur katingal pamahaman siswa dina subtema ngamanfaatkeun kakayaan alam di Indonesia kirang pisan. Anu kendalana nyaeta pembelajaran masih saarah, guruna masih ngagunakeun padika ceramah ku kituna siswa kirang kalibet aktip salami pembelajaran, sarta ngaruh kana aktivitas diajarna kirang optimal. Desain panalungtikan ieu ngagunakeun model panalungtikan tindakan kelas anu diwangun ku 3 siklus. Saban siklusna ngawengku tahapan ngarencanakeun, ngalaksanakeun, ngaobservasi, sarta ngarefleksi. Instrumen anu digunakeun nyaeta tes, lembar observasi, panilaian sikap sareng angket. Hasil panalungtikan siklus ka I hasil postes siswa mungkenging persentase nilai 48,88%, dina siklus ka II ningkat persentase nilai janteun 77,77%, sarta dina siklus ka III langkung ningkat persentase nilai janteun 95,55%. Salian nilai persentasi siswa ningkat kaaktifan diajar siswa oge ningkat rentang skala persentasi 0-100%. Dina siklus ka I kaaktifan siswa kenging persentasi 78,4%, siklus ka II ningkat janteun 80,8%, sarta dina siklus ka III hasilna langkung ningkat janteun 85,15%. Kasimpulan tina panalungtikan ieu nyaeta ngagunakeun model *Problem Based Learning* tiasa ningkatkeun kaaktifan sareng hasil diajar siswa dina subtema ngamanfaatkeun kakayaan alam di Indonesia. Ku kituna tiasa dijanteunkeun salah sahiji cara kanggo diterapkeun dina pembelajaran tematik di Sakola Dasar.

Sanggem konci : Model *Problem Based Learning*, Ngamanfaatkeun Kakayaan
alam di Indonesia, Kaaktifan, sarta hasil diajar siswa.